



# AVI PIBLIK

## Ouvèti Pwosesis Soumisyon Enfòmasyon Koupon Chwa Lojman (Seksyon 8)

Pwosesis Sounisyon Enfòmasyon Koupon Chwa Lojman (Seksyon 8) lan pral louvri **nan dat Jedi 13 me 2021 apatide 12:00 p.m. (Midi) Lè sou la Kòt Lès Etazini (EST). Li pral fèmen Jedi 27 me 2021 a 11:59 p.m. EST.** Pap gen okenn soumisyon n ap aksepte aprè peryòd sa a. Fòm Soumisyon Enfòmasyon an pral disponib ann Anglè, Kreyòl ak Espanyòl.

Palaprezant, n ap notifye ke Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè Miami-Dade (Public Housing and Community Development, PHCD) ap aksepte soumisyon enfòmasyon pou Koupon Chwa Lojman (Housing Choice Voucher, HCV)/Seksyon 8 la, konfòmeman ak règlemantasyon Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) la.

Yo pral ba w yon lyen entènèt espesyal lè Pòtay Soumisyon Enfòmasyon an louvri pou bay aksè nan Fòm Soumisyon Anliy la. Fòm Soumisyon Enfòmasyon sou Papye yo pral disponib nan bibliyotèk piblik lokal yo. Ou dwe gen entènèt pou ranpli Fòm Soumisyon Enfòmasyon an anliy.

Pwosesis soumisyon anliy la pèmèt moun aplike nenpòt lè oswa nenpòt kote ki pratik pou yo, kèlkeswa orè travay yo epi li elimine bezwen pou kanpe anliy pandan lontan. Fòm Soumisyon Enfòmasyon yo gendwa soumèt nan konpitè, tablèt oubyen apatide nenpòt aparèy ki kapab konekte ak entènèt la. Li posib pou voye Fòm Soumisyon Enfòmasyon yo **nan youn nan bibliyotèk rejyonal yo, lendi pou vandredi soti 9:30 a.m. rive 5:30 p.m. ak nan jou samdi yo soti 12:00 p.m. rive 6:00 p.m.** Se oumenm ki pran risk la si ou voye papye Fòm Soumisyon Enfòmasyon yo, paske gen piplis chans pou gen **erè ak diskalifikasyon. NOU REKÒMANDE AK TOUT FÒS POU OU RANPLI EPI VOYE FÒM SOUMISYON ENFÒMASYON YO ANLIY.**

**Fòm Soumisyon Enfòmasyon sou papye yo disponib nan bibliyotèk ki annapre yo:**

**MAIN LIBRARY – Santvil**  
**101 West Flagler Street**  
**Miami, FL 33130**

**NORTH DADE REGIONAL**  
**2455 NW 183 Street**  
**Miami Gardens, FL 33056**

**WESTCHESTER REGIONAL**  
**9445 Coral Way**  
**Miami, FL 33165**

**SOUTH DADE REGIONAL**  
**10750 SW 211 Street**  
**Cutler Bay, FL 33189**

Tout Fòm Soumisyon Enfòmasyon yo ki ranpli epi ou voye bannou yo pandan peryòd akseptasyon ki otorize a pral enskri otomatikman nan yon lis seleksyon owaza yon konpitè kreye. Pa gen okenn distenksyon ant premye oswa dènye Fòm Soumisyon Enfòmasyon an. Tout gen menm chans pou yo chwazi yo pou lis la. Apatide lis la, se sèlman 5,000 soumisyon yo pral seleksyone pou lis datant HCV an (Seksyon 8). Soumisyon ki seleksyone yo dwe satisfè limit revni yo pou konpozisyon fwaye kay yo ki liste anba la a pou yo ka eijib pou patisipe nan pwogram la.

**SE YONSÈL (1) APLIKASYON POU CHAK FWAYE KAY KI OTORIZE**

Konpozisyon Fwaye Kay ak Limit nan Revni yo:

Kantte moun ki nan Fwaye Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni Anyèl pou 2021	\$31,650	\$36,200	\$40,700	\$45,200	\$48,850	\$52,450	\$56,050	\$59,700

Fanmi yo ki soumèt plis pase yon (1) soumisyon pral diskalifye nan pwogram la. Moun ki fè deklarasyon ki kreye konfizyon oswa fo deklarasyon pral diskalifye tou. Fanmi yo ki seleksyone pou lis datant la pral resevwa yon notifikasyon nan men PHCD. Nou p ap fè okenn lòt notifikasyon.

**Aranjman Rezonab:**

PHCD, ananke ajans leta ki ofri lojman pou fanmi ki elijib ki pa gen anpil revni, bay aranjman rezonab pou aplikan ak patisipan yo ki gen yon andikap. Aplikan ak patisipan yo ki gen yon andikap gendwa mande èd pou ranpli aplikasyon an, lè yo rele nan **(786) 654-8440. Tanpri chwazi chwa Lis Datant la. Reprezantan yo pral disponib soti 8è:00 a.m. rive 4è:30 p.m. EST chak jou.**

\*\*\*TANPRI PA BLIYE\*\*\*

KOUNYE A SE SÈL FWA W AP KAPAB APLIKE.

NOU P AP JANM MANDE W POU YON NIMEWO KAT KREDI NI MANDE YON RAPÒ SOU  
KREDI W POU W KAPAB APLIKE. SÈL WÈBSAYT LA KOTE OU KAPAB APLIKE SE

<https://miamidadevoucher.myhousing.com>